# ANDHARAN BABAGAN HAK

Yen sampeyan **ORA DITAHAN** lan bakal dititipriksa minangka tersangka



## 1. Hak kanggo konsultasi sidhem karo pengacara lan bantuan ukum sajroning panitipriksa

A. Kapan?

- Sampeyan kagungan hak kanggo konsultasi sidhem karo pengacara lan bantuan ukum sakdurunge panitipriksa sing sepisanan.
- Yen fakta sing bakal dititipriksa bisa ndadekake sampeyan di penajra, sing prosedur e ono ing poin C.

B. Sapa pengacarane?

- Sampeyan bisa konsultasi karo pengacara sing dipilih dhewe.
- Sampeyan entuk, kanthi syarat ukum tartamtu, nggunakake pengacara miturut sistem bantuan ukum, sing gratis utawa sing mbayar sebagean. Sampeyan entuk nyuwun formulir sing isine ringkesan syarat kasebut. Sampeyan bisa sesambungan karo kantor bantuan ukum Bar Association supaya dipilihake pengacara sing ditunjuk.

C. Piye carane nemtokake kapan konsultasi sidhem iki ditindakake?

Yen sampeyan wis nampa <u>uleman katulis</u> sing ngemot daftar hak sing kasebut ing nomer 1 tekan 4 lan nuduhake yen sampeyan dianggep wis konsultasi karo pengacara sakdurunge nekani panitipriksa

- sampeyan ora entuk nyuwun panundhaan, amarga sampeyan dianggep wis duwe kalodhangan kanggo konsultasi karo pengacara.
- Yen sampeyan ora kepingin dibantu dening pengacara, sampeyan kudu diwenehi saran hak ora mangsuli pitakonan sadurunge panitipriksa wiwit (deleng ugo poin 3).

Yen sampeyan <u>durung dikirimi uleman katulis</u> utawa wis dikirim uleman nanging ora lengkap:

- Sampeyan entuk, nanging mung sepisan, nyuwun supaya panitipriksa ditundha nganti sesuk utawa diundur wektune supaya bisa konsultasi karo pengacara dhisik.
- Sampeyan bisa milih konsultasi karo pengacara lumantar telepon, sawise panitipriksa diwiwiti.
- Sampeyan bisa ngenteni tekane pengacara sampeyan ing lokasi panitipriksa.

D. Bantuan ukum sakjrone panitipriksa

Pengacara bakal mesthekake:

- yen hak kanggo ora mangsuli lan hak kanggo ngenthengake awake dhewe kinurmatan;
- yen sampeyan nampa patrap sing becik nalika panitipriksa, lan ora ana winatesan utawa tekanan sing ora sakmesthine;
- yen sampeyan wis diterangake babagan hak-hak sampeyan lan panitipriksa ditindakake miturut aturan.

Yen pengacara sampeyan menehi komentar babagan iki, pengacara kudu gage mesthekake komentar mau dicathet ing notulen. Pengacara bisa nakokake pamriksan tartamtu supaya dilakoni utawa wong tartamtu supaya dititipriksa. Dheweke bias nakokake kanggo klarifikasi babagan pitakonan sing ditakokake. Dheweke bisa komentar babagan panyidikan lan babagan panitipriksa. Dheweke ora diijini mangsuli ngganteni sampeyan utawa ngalangi panitipriksa.

# ANDHARAN BABAGAN HAK

Yen sampeyan **ORA DITAHAN** lan bakal dititipriksa minangka tersangka



E. Apa aku entuk ora nggunakake hak iki?

Sampeyan ora wajib nggunakake konsultasi sidhem karo pengacara.

Sampeyan entuk ora nggunakake hak iki kanthi pilihan dhewe lan sakwise dipikir kanthi temenan yen:

- sampeyan wis dewasa;
- sampeyan wis napak asma lan nanggali dokumen kanggo nyetujoni akibate.

## 2. Katrangan singkat babagan fakta

- Sampeyan duwe hak nampa katrangan singkat babagan fakta sing bakal dititipriksa.

## 3. Hak kanggo ora mangsuli

- Sampeyan wajib tumindak sing bakal ngenthengake sampeyan.
- Sakwise nerangake identitas, sampeyan entuk milih arep gawe pranyatan, njawab pitakonan, utawa ora mangsuli pitakonan.

## 4. Ing wiwitane panitipriksa

Sakdurunge panitipriksa diwiwiti, sampeyan kudu diwenehi pirang-pirang katrangan. Sakliyane katrangan singkat babagan fakta lan hak kanggo ora mangsuli, sampeyan bakal dikandhani yen:

- Sampeyan entuk nyuwun supaya kabeh pitakonan sing ditakokake lan wangsulan sing diwenehake digawekake notulen kaya sing sakmesthine;
- Sampeyan entuk nyuwun supaya pranyatan katulis utawa pamriksan ditindakake;
- Pranyatan sampeyan bakal digunakake minangka bukti ukum.
- Sampeyan ora ditahan lan bebas lunga ing endi wae kapan wae.
- Sakjrone panitipriksa, sampeyan entuk nggunakake samubarang dokumen sing diduweni, anggere ora ndadekake panitipriksa katundha amarga saka iki. Sampeyan entuk nyuwun, sakjrone utawa sakwise panitipriksa, supaya dokumen-dokumen kasebut dilampirake menyang notulen utawa diserahake bareng karo pendaftaran.

## 5. Ing pungkasane panitipriksa

Ing pungkasane panitipriksa, sampeyan bakal diwenehi teks kasile panitipriksa supaya diwaca. Sampeyan uga entuk nyuwun teks kasebut diwacakake.

Sampeyan bakal ditakoni apa kepengin ngowahi utawa menehi klarifikasi marang pranyatan.

## 6. Bantuan juru basa lan hak kanggo panjarwan

- Yen sampeyan ora ngerti utawa nggunakake basa ing panitipriksa, utawa yen sampeyan duwe ngalami alangan pangrungu utawa pangandikan, sampeyan duwe hak nggunakake interpreter bersumpah nalika rembugan sidhem karo pengacara. Bantuan iki gratis.
- Sampeyan bisa uga diaturi nyathet dhewe pranyatan nganggo basa sampeyan.
- Yen sampeyan ora bisa mangerti basa sing digunakake, sampeyan nduweni hak panjarwan bagean sing ana kaitane layang perintah penahanan, panggilan, lan kaputusan pengadilan ning basa sing sampeyan mangerti. Bantuan iki gratis.

**Sampeyan bisa ngugemi andharan babagan hak iki.**